


# Kanabis nan Vil New York: Efè sou Lasante

Li legal pou adilt yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York.




**3 ons      24 gram**

Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka genyen epi pataje (men yo pa kapab vann) jiska twa (3) ons flè kanabis oswa boujon kanabis, oswa jiska vennkat (24) gram kanabis konsantre tankou lwil oswa sigarèt elektwonik.



**Espas pou Fimen**

Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis nan pifò espas kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou w jwenn enfòmasyon sou chanjman sa yo, ale sou [cannabis.ny.gov/medical-cannabis](https://cannabis.ny.gov/medical-cannabis).



Poko gen otorizasyon ki bay pou moun vann kanabis. Pou kapab jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte ak kiltive kanabis, ale sou [cannabis.ny.gov](https://cannabis.ny.gov).

Rechèch ki fèt sou fason kanabis la afekte sante w limite paske gen politik restriktif sou dwòg yo. Yo te wè kanabis la ede pou kèk maladi, tankou pou doulè kwonik lakay adilt; kè plen ki rive akòz chimyoterapi; ak plizyè sentòm espesifik esklewoz an plak (Multiple Sclerosis, MS). Nou toujou ap chèche konnen plis sou efè kanabis la kapab genyen sou yon peryòd ki long.<sup>1</sup> Nou konnen:

**Ou ka genyen reyaksyon ki rive tousuit epi ki negatif lè ou fin pran kanabis la. Sa a ka rive si ou itilize yon fòm, yon kantite oswa yon konsantrasyon kanabis ou pa abitye itilize, oswa si ou pran plizyè dòz sou yon peryòd tan ki kout. Men kèk nan reyaksyon ou ka genyen yo:**

- Enkyetid
- Kè ki ap bat vit
- Kè plen ak vomisman
- Reyaksyon ki fèt dousman ak pèsepsyon ki bwouye
- Pwoblèm respirasyon

**Etid yo montre konsomasyon kanabis la gen risk pou sante a, tankou:**

- Gwo risk pou gen aksidan machin lè ou ap kondui pandan sans ou febli
- Gen twoub sikotik ki kapab parèt pi bonè lakay moun ki gen risk yo, espesyalman lakay moun ki kòmanse konsome kanabis la bonè oswa ki itilize li souvan
- Sentòm respiratwa ak sentòm tous ki rive pi souvan, espesyalman lè w fimen oswa rale vapè kanabis la
- Chòk nan poumon ki gen rapò ak rale vapè

**Lè w konsome kanabis pandan ou ansent oswa pandan ou ap bay tete li kapab yon danje pou devlopman timoun ou an. Ou kapab transmèt pwodui chimik ki gen nan kanabis la bay ti bebe a epi li kapab gen efè negatif sou li.**

- Efè danjere ki posib yo gen ladan yo yon pwa ki fèb lè li fèt, yon destabilizasyon nan devlopman sèvo a, ak difikilte nan konpòtman oswa difikilte atansyon pi devan nan anfans la. Nou poko konnen lòt risk ki genyen lè ou konsome kanabis la pandan ou ansent oswa pandan ou ap bay tete.
- Pwofesyonèl swen sante yo rekòmande pou yon moun pa konsome kanabis pandan li ansent oswa pandan li ap bay tete.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "**cannabis**" (kanabis).

<sup>1</sup>National Academies of Sciences, Engineering, and Medicine (Akademi Nasyonal sou Syans, Enjenyeri, ak Medsin). The health effects of cannabis and cannabinoids: the current state of evidence and recommendations for research (Efè kanabis ak kanabiyoyid yo genyen sou sante a: eta prèv yo aktyèlman ak rekòmandasyon pou rechèch). Janvyè 2017 Nou te gen aksè ak li 23 me 2022. [https://nap.nationalacademies.org/resource/24625/Cannabis\\_report\\_highlights.pdf](https://nap.nationalacademies.org/resource/24625/Cannabis_report_highlights.pdf)